Di tengah imah guntreng teh. Budak nu cikal jeung nu bungsu geus lila talibra. Ari nu panengah ti tadi rungsing, ayeuna sare dina lahuman kuring. Can tibra, da cimatana katembong merebey kenéh. Taksiran nyahoeun, yen indung-bapana keur nyanghareupan soal beurat, nu baris mawa pangaruh kana hidup manehna saterusna. Pahreneng-heneng bae sajong-jongan mah. Boh kuring, boh manehna pada bingung neangan pikecapeun, pikeun pamuka sawala.

"Mah, kumaha tea atuh urang teh?", salaki kuring muka carita.

Tah ari geus kitu mah. Prung bae babadamian teh. Antare naker nyarita teh. Cindekna kuring duaan, geus sapagodos yén ieu rumah tangga teh geus moal bisa dipanjangkeun deui. Malah lain kitu kecapna ge harita mah.

Tapi pokna oge, boh pikeun kuring boh pikeun manehna, dalah pikeun barudak pisan tetela mending pipisahan, mending pondok jodo panjang baraya. "Tetenjoan, Mamah teh bangun geus beberes geuning," cek salaki kuring deui.

Enya geus ti mangkukna kuring beberes teh. Pakean geus dipindahkeun tina lomari kana koper. Jeung nu barudak deuih. Da angkuehan teh rek dibawa tiluanana.

"Ari barudak?" cek manehna deuih, sanggeus kuring ngan ukur ungeuk minangka jawaban kana pananyana. "Ari maksud mah tiluanana" cek kuring.

"Kaharti pisan Mah, ari kitu teh mah," cek salaki kuring deui. "Tapi ... kahayang Bapa, Mamah ulah kajurung ku napsu. Bener, Bapa percaya yén mun tiluanana dibawa oge, moal nepi ka teu kaparaban, moal nepi ka teu kaurus. Percaya pisan. Tapi kapan si Cikal geus sakola, adina atuh kapan taun hareup kudu geus sakola deuih. Mun Mamah panuju, saheulaanan nu dua

mah atuh jeung Bapa bae” Ngarandeg lebah dinya nyaritana teh. Tuluy nyegruk. Nyuuh kana meja.

Tong dicaritakeun kumaha polah kuring harita. Nyium budak ari peta mah, tapi saenyana mah ngabahekeun cimata. Nepi ka ngulisik, taksiran karasaeun haneut kana pipina.

Balaka bae, leuwih ti ngarakacak hate teh. Najan karasana beurat tapi teu wasa nolak pamentana. Pamenta hiji bapa nu dianteur ku cimata. Nepi ka kuring leah, yen saheulaanan Si Ujang nu dua mah rek sina jeung bapana.

”Moal itu teu mupakateun ?” cek kuring maksakeun nyarita bakat inget kana pentingna nu aya dina hate.

Nu dimaksud ku kecap ”itu” teh kahartieun pisan, ku manehna ge. Yen ”itu” teh, gaganti kuring nu bakal ngeusian ieu imah, nu bakal ngeusian pangkeng nu eta, nu bakal nyayagikeun manehna dahar, nu bakal . . . enya nu bakal sagala saperti nu ku kuring biasana dijalankeun jeroning rumah tangga.

Tangtu kahartieun, sabab nya ”itu” pisan, nu jadi marga lantaran pegat-na tali duriat oge

Sanggeus soal budak sapagodos, paheneng-heneng deui sajongjongan. Sepi. Sora tik-teknana jam kadenge atra pisan.

”Enjing hoyong mah wangsul teh”, cek kuring muka deui paguneman.

”Kumaha atuh?”

”Keun bae, Pa,” kuring megat kalimah, da geus kaharti rek kumaha caritana. Tangtu ge, perkara moal bisa nganteurkeun lantaran keur repot ku gawe. Moal meunang perlop.

”Nya ari kitu mah atuh. Jig bae ti heula. Ke Bapa duka minggu hareup, duka minggu ituna deui, kumaha longsongna ti kantor, rek nyusul. Rek ngadeuheus ka Mama jeung Ema. Tobat ari teu ikhlas mah, nenjo Mamah indit ngan kadua Si Bungsu. Tapi kumaha atuh . . . !”

Tamat nepi ka dinya badami teh, kasapih ku Si Bungsu nyaring. Saterusna kuring ngedeng di tengah, antara si Cikal jeung Si Panengah. Nepi ka janari, siga nu disibeungeutan ku cimata barudak teh. Barudak nu baris pisah jeung kuring. Barudak nu baris saimah jeung ”itu”. ”itu” nu pasti moal sakahayang jeung kuring nu ngandung jeung ngalahirkeunana. Emh, deudeuh teuing anaking

Kawas sasari, subuh-subuh kuring ngeprek di dapur. Nyayagikeun nu rek ka kantor. Nyayagikeun panungtungan meureun. Ngan bedana teh teu

ngageuingkeun ayeuna mah nyaring sorangan. Taksiran, moal beda ti kuring, teu ngalenyap-lenyap acan. Kebek ku pikiran jalan pikahareupeun. Atawa boa beda ketang. Boa nu jadi pikirana mah, aya patalina jeung "itu" nu baris libawa lumampahna, dina jalan nu pikahareupeun teh.

Bungkem imah teh. Taya nu nyarita. Kuring neger-neger maneh ulah ngaluarkeun cimata, sieun manehna boga sangkaan sejen, tina naon saenyana nu jadi kasedih kuring. Najan ari di dapur mah kuring teu tahan ngumbar cimata. Bari diembohan ku Bi Cioh, gandeuk bawa salaki kuring ti lembur, nu geus nyahoeun naon nu keur disanghareupan ku dununganana. Unggal pahareup-hareup, ku kuring diteuteup hayang ngajugjugan hatena, naha kira-kirana bakal tuluy heman ka anak kuring, kawas keur aya indungna.

"Bi Cioh, mihape barudak, nya!" cek kuring pegat-pegat.

Manehna teu nembalan, kalah nyegruk bari neueurkeun leungeun kuring kana dadana.

"Geura geuingkeun Si Ujang, ieu geus beurang, kapan kudu sakola" ceuk kuring deui.

Teu dibikeun ka Bi Cioh ayeuna mah ngamandian Si Ujang. Ku kuring sorangan. Duka teuing naon nu leuwih loha maseuhan awak Si Ujang teh. Duka teuing cai tina bak duka teuing cimata tina panon kuring. Teu ngartieun budak mah da ari ngarengihik mah biasa unggal dimandian isuk-isuk ge.

Ngan kaciri runga-ringeuh pisan budak teh, basa keur dibajuan. Teu kaur rap, balas digalemoh, jeung digalentor. Geus rengse dibajuan, beuteungna ku kuring diteueurkeun kana dada kuring, sirahna cipruk ku cimata.

Karasa, aya nu nangenkeun tina panto. Ku juru panon oge kareret. Manehna!

Teu ngomong nanaon deui manehna oge sajongjongan mah. Sanggeus rada lila; "Geus siang teuing mah bisi Si Ujang kabaurangan," cenah.

Lalaunan leungeun budak ditarik ku Bapana, kuring geus teu wasa neuteup deui. Mun teu nahan kana korsi mah geus tangtu rubuh.

"Dangukeun bae ku Mamah, Si Ujang sing calageur," cek bapana. "Da mun aya nanaon mah tangtu dibejaan."

Kuring teu nembalan deui, karasa aya nu nyium kana tarang cium panungtungan, ti hiji lalaki anu jerb dalapan taun ngawangun rumah tangga, nu sugan teh baris tohaga nepi kajaga. nepi ka pakotrek iteuk. Saperti harepan bareto basa memeh dirapalan.

Kadenge Si Ujang nanyakeun bekel sakola. Biasana mah sok ti kuring. Tapi bangunna sok manten dibere ku bapana, meméh pok mindo nanyakeun, da teu kadenge nanaon deui.

Jumarigjeug kuring hudang, ngabeubeutkeun maneh kana dipan, kadeukeut Si Panengah nu tibra kenéh.

Tah harita laluasa ngumbar cimata teh, teu ditahan-tahan kawas tadi.

Karasa kana suku aya nu nyekel. Bi Cioh ! Najan teu dilieuk oge, tetela Bi Cioh. Kuring maksakeun hudang, sidengdang dina dipan. Angkeuhan teh rek ngabudalkeun papatah. Tapi teu kuat, kakara oge ret kana beungeutna nu geus karisut, kuring nyegruk deui. Demi manehna, nyuuh kana tuur kuring.

"Bi, mihape barudak. Bibi mah poma ulah incah balilahan. Sabab mun bibi teu aya, ka saha atuh kuring nya nitipkeun jimat hate", kuring pegat-pegat maksakeun nyarita.

"Naha Enden teh . . .," Bi Cioh nyarita. Bangunna, rek panjang ari ngomongna mah tapi teu laju, da nyuuh deui. Karasa cimatana tenbus hancut kana tuur.

"Mihape daharna, mihape Bi. Da geuning Si Ujang mah hese naker ari dahar teh. Sing leukeun. Mihape rek indit sakolana, pangnalingakeun diajarna. Kahade bisi ulin ka walungan. Jeung kahade sina rapih jeung adina, ulah sina pasea" Ngan sakitu kuat maksakeun nyarita teh. Geus kitu kuring asa inget henteu, nyuuh kana bantal.

"Nden . . . Nden . . . parantos siang", kadenge Bi Cioh Sorana pegat-pegat.

Jumarigjeug deui kuring hudang. Enya bae, geus tabuh dalapan leuwih saporapat dina jam teh. Blak mukakeun lomari.

Geus kosong pakean kuring mah. Da geus dipindahkeun kana koper ti kamari kenéh. Tinggal umpak luhur, pakean salaki kuring. Jeung dina umpak katilu bae, tumpukan leutik. Pakean Si Cikal. Ngajenjen hareupeun lomari. Teu puguh laku, teu puguh nu diilikan.

"Nden . . .," mani asa kagebah ku sora Bi Cioh ti tukangeun. Bari ngalieuk ka manehna cek kuring lalaunan :

"Buka deui koper kuring, Bi Cioh! Pakean Si Ujang kudu dikana lomari-keun deui, pan jadina mah moal dibawa, rek didieu jeung Bibi!" kadenge Bi Cioh ngagusur koper. Demi kuring kawas tadi ngajengjen, hareupeun lomari tea.

Sakeudeung deui. Boa moal kungsi saminggu, ieu lomari teh tangtu geus pinuh deui, kitu cek hate. Meureun di dieu yeuh, nu umpakan urut pakean kuring eusina teh bakal pakean nu "anyar". Najan tangtu sarua ari samping jeung kabayana mah, ngan pasti sejen sagala rupana. Lain pakean bawa kuring bareto memeh kawin, atawa meunang nungtut meulian sanggeus rumah tangga.

Kagebah deui bae, ku sora Bi Cioh ngadehem. Taksiran rek ngingetan, tapi hese pikecapeun.

"Sok atuh pakean Si Ujang kadieukeun, Bi," cek kuring, bari tetep petateh ngajengjen hareupeun lomari.

Teu dilieuk nampunan ku leungeun kenca baju Si Ujang tina leungeun Bi Cioh teh. Taya hiji ge nu kaliwat, boh calanana, boh bajuna memeh diteundeun deui kana umpakan lomari, dicium heula dibaseuhan ku cimata. Beres diasupkeun jeung nu lanceukna.

"Tah Bi, kade sing beres. Nu lanceukna beulah kenca, nu adina beulah katuhu. Mihape, ulah diacak. Tah ieu pakean paragi sakola, ieu paragi sapopoe. Ulah ditatab", cek kuring. Duka kadengeun pisan duka henteu ku Bi Cioh da karasana ngomong teh pegat-pegat, malah teu ngaleunjeur-leunjeur acan boa.

Sanggeus mereskeun pakean, kakara kuring malik. Angkeuhan mah hayang antare. Gek diuk. Tapi teu bisa, asa teu bisa ajeg nangtung teh. Kitu meureun nu disebut ngarumpuyuk teh. Kawas kuring harita; tuluy sideku nyanghareupan koper. Digambarkeun ngarumpuyuk teh pedah pedah buktina karasa leungeun Bi Cioh pageuh nyekel kana peupeuteuyan.

"Ebogeun heula atuh sakedap mah", cek Bi Cioh.

"Ah da teu nanaon, Bi," walon kuring. "Ieu mah rada lieur meueusan, kurang sare taksiran."

Kuring nyokot samping deuih tilu tina koper teh.

"Yeuh Bi Cioh samping keur simbut barudak. Karunya bisi euweuh simbutna. Ieu nu hiji keur juragan Pameget. Eh, entong ketang. Ieu bae dua keur Si Ujang," bari sok deui samping nu hiji deui mah digolerkeun dina koper. Kaburu inget manten, yen kuring rek indit teh keur saendengna. Rada ngabirigidig malah, sanggeus kuring nyebutkeun simbut keur juragan Pameget teh. Kuring malik deui bari sideku kana lomari. Kop nyokot nu geus rada butut.

"Bi, ieu calana Si Ujang rek dibawa. Keur tilam katineung. Minangka

keur ngadeukeutkeun kuring ka maranehanana."

Memeh diasupkeun kana koper, dibaseuhan heula ku cimata. Geus kitu nyokot kabaya tina koper teh, dua deuih. Nu geus lalayu sekar.

"Bi Cioh, ieu kabaya kuring tuendeun dina koper Bibi, kade kanyahoan ku batur. Mun hiji waktu Si Ujang rungsing, ingeteun ka indungna, sugan ngubaran rungsingna, da beda tangtuna ari bau indung mah."

Si Bunggu nyaring, geuwat ku kuring diburu. Horeng lanceukna ge geus hudang, malah hudangna Si Bungsu oge diheureuyan ku lanceukna.

Taya nu daekeun disambat ku Bi Cioh. Duanana montel ka kuring. Lanceukna mah malah, dipangku teh leungeunna pageuh kana deuheung. Duka, ngarasaen kitu, yen manehna rek pisah jeung indungna ?

Si Ujang duanana geus dimandian. Kuring geus dangdan. Nenjo adina make baju hade, keukeuh lanceukna ge hayang make nu alus. Diturut sakahayangna. Leuh bangun atohna.

"Bi cioh, bisi tinggaleun kareta api, jig atuh pangneangankeun delman, kuring rek indit."

Manehna indit, maksa ngais Si Bungsu, meureun sosonoan maksudna mah. Lanceukna keukeuh hayang milu, dituntun bae tungtungna mah. Kuring ngan sorangan di imah teh. Koper, jingjingan, jeung tolombong hiji geus dikatepaskeun. Kuring leuleumpangan di tengah imah. Handapeun jam deukeut lomari aya potret. Potret kuring jeung salaki, basa anyar panganten. Moal poho, ngahaja ka toko Lak Sin ngadon dipotret. Potret nu barang breh ge tetela nyinarkeun kabagjaan. Teu dipiguraan, ditempelkeun kana bilik teh jeung daluang nu ti tokona. Geus semu belel malah potretnage. Teu kuat lila ngilikan potret teh. Geus kitu ret kana lomari. Aya cangkir Jepang sasatel. Supenir ti Juragan Wadana, moal poho. Can peupeus hiji-hiji acan, lengkep keneh. Da tara dipake kituna mah. Mun teu salah, jero dalapan taun teh moal leuwih ti lima kali dikaluarkeun. Emh, ari supenirna mah lengkep keneh, nu disupeniranana mah geus pegat deui.

Dua setel biasana mah didinya teh. Nu sasatel deui bawa kuring ti ema. Eta mah geus dina tolombong, rek dibawa deui balik.

Ayeuna kuring, nindak ka bagian nu pangbeuratna. nyaeta datangna deui-Bi Cioh mawa delman keur kuring ka stasion. Kareret tina jandela Si Panengah diuk deukeut kusir. Da kitu biasana. Mun dititah neang delman sok resep milu tumpak. Ti lebah manggihna nepi ka imah. Katenjo deuih budak teh teu daek diajak turun.

Sok Si Bungsu di-ka kuring-keun. Bari teu lemek teu nyarek Bi Cioh ngakutan koper, jingjingan jeung tolombong dibereskeun ku kusir dina delman. Kuring ngajengjen keneh di tengah imah, mamangu Si Ujang. Sakali deui asup ka jero kamar. Duka rek ngilikan naon maksud teh, tapi panon mapay kana sagala; kana bilik, kana tempat tidur, kana lomari, kana kapstok . . . dikotektak ku paninggal, imeut taya nu kaliwat.

Embung. Embung nyaritakeunana sanggeusna kitu mah. Rek diliwat bae lebah paungku-ungku kuring jeung Bi Cioh mah memeh jut tina golodog. Atawa meh teu eling kuring, basa Si Panengah dicokot ku Bi Cioh. Teu tolih najan jejeritan oge. Urang liwat bae, lebah kumaha kuring turun deui tina delman nu geus rek jung pisan indit, muru deui kamar sabab kadenge Si Ujang jejeritan. Angkeuhan teh rek digalemoh deui.

Tapi panto teh teu dibuka ku Bi Cioh. Pokna bari midamdandam :

"Geura angkat. Enden, geura angkat. Tong ditingali deui putra teh ari moal dicandak mah. Tong lebet Enden, geura angkat" Meh sarua tarikna ceurik Si Ujang jeung pangasuhna. Geus lebah dinya mah urang liwat, kuring embung nyaritakeun deui.

Giritik kuda maju, kuring nangkeup Si Bungsu satakerna, maksud mah hayang ngeureunkeun cimata.

"Parantos Enden isin kunu ngalangkung," cek kusir teu puguh-puguh. Duka nyahoeun duka henteu, naon nu jadi sabab pangna kuring ceurik. Buru-buru kuring nahan cimata.

Katenjo rentang-rentang istri duaan. Sidik istri mantri guru, jeung bojona Juragan Komis. Inget. Janji poe eta rek bareng ka ondangan. Kusir ku kuring dititah mengkol, sieun pasanggok. Tangtu taruluy ka imah nu jangji teh. Leuh, meureun barang jol teh ngan aya Bi Cioh wungkul keur midangdam, kadua Si Ujang nu can repeh jejeritanana.

Dipikir mah puguh ge teu puguh-puguh. Memeh ka setasion teh kusir diparentah mengkol heula ka kenca, tuluy ka katuhu mengkol deui. Jol bae . . . ka sakola Si Ujang.

Kuring ge teu terang rek naon ka sakola Si Ujang. Da tetela ari geus gok jeung Si Ujang mah teu luas malah. Buktina, basa katembong loba barudak diburuan sakola tanda ngaraso, delman teh ku kuring dititah eureun. Sina kahilangan ku tangkal. Siga nu nyumput ulah katembong ku nu ti sakola. Duka ngartieun, duka henteu kusir teh. Buktina da nurut bari teu lemek teu nyarek.

Kuring neuteup ka lebah sakola, ka lebah barudak nu keur arulin, nepi ka kadenge lonceng tanda yen kudu arasup deui ka kelas. Geus kitu kuring nitah kusir sangkan indit, sina ngaliwat kahareupeun sakola. Apal kelas dua teh lebah ditu tuh. Malah apal deui lebah mana Si Ujang diukna, da sok rajeun mapagkeun mun keur salse mah, nyelangan pangasuhna. Bareto, keur anyar keneh kelas duana. Da ayeuna mah tara dipapageun deui. Inditna isuk-isuk jeung bapana, balik sok bareng jeung baturna.

Teu kaharti ku kuring sorangan ge, make nangtung dina delman lebah kelas dua teh. Tuh lebah ditu diukna teh ! Katenjo, lebah kelas dua teh rea ramo budak ngaracung. Teu puguh-puguh make ngelok keur nangtung dina delman teh. Padahal mah itu ku kuring, boh kuring ku itu, moal katenjo najan teu ngelok oge. Ceuk hate : "Tuh nu itu mah tetela ramo Si Ujang nu ngacung teh. Taksiran manehna rek barang tanya kaguruna, atawa rek ngajawab nu ditanyakeun ku guruna. Banguna teh, taya nu bisaeun nu sejen mah ngan Si Ujang wungkul nu bisaeun teh. Nu matak ngacung ! Tetela itu mah ramo Si Ujang, da kaciri ti kajauhan lalencop ! Ramona tuda kawas ramo budak awewe Si Cikal mah"

2. Contoh Teks Siaran Berita

Wartos-wartos anu parenting di antawisna : KTT Non Blok di Havana di anggep gagal dina widang politik tapi maju dina widang ekonomi. Tata Sunda, Wakil Gubernur Ir. Suhud isukan baris ngaresmikeun auditorium RRI Bandung nu aya sawetaneun gedong RRI, Jl. Diponegoro 67 Bandung. Eta kasempetan anu bakal ditungkulan oge ku para pejabat RRI pisan, dilaksanakeun dina mieling hari radio nu ka 34, anu ninggang dina tgl. 11-9-1979. Samemeh gedong kasebut diresmikeun, baris dimimitian kulaporan kepala setasion RRI Bandung, R.M. Hartopo. Ngeunaan usaha pangwangunan gedong auditorium, anu ditaratas ti jaman RRI dipimpin ku Abdul Fatah Mardani, R.A. Darya, Pajar Madraji jeung ayeuna R.M. Hartopo. Sakumaha nu kabandungan, gedong auditorium nu rek diresmikeun ku wakil gubernur Jawa Barat isukan teh, mangrupa kalengkepan gedong RRI Bandung, geus dimimitian ti jauhna keneh ku jalan pertandingan-pertandingan olah raga para karyawan RRI Bandung jeung sagala kagiatan sejenna.

Tadi di pakarangan RRI Bandung, diayakeun karnapal jeung pertandingan kaulinan barudak putra-putri karyawan RRI Bandung. Puncak acara mieling hari radio di RRI Bandung, baris dilaksanakeun dina poe salasa pageto dipakarangan stasion RRI Bandung.

Di gedong dinas Kesehatan Kota Madya Bandung, isukan baris dimi-

mitian pembinaan atawa atikan manasik kapara calon jemaah haji nu rek di lantik manasik, ti Kota Madya Bandung diwangun ku 555 urang, dibagi dua gelombang. Gelombang kahiji diayakeun ti tanggal 10 s.d. 12 September 1979, nya eta ti nomer-nomer pendaftaran 1 nepi ka 263. Gelombang kadua ti tanggal 13 nepi ka tanggal 15 September 1979 ti nomer 264 nepi ka nomer 555. Bisa dibejakeun sagigireun masalah manasik haji ka para calon jemaah haji ti Kota Madya Bandung, baris diajarkeun oge ngeunaan pangaweruh umum jeung Pancasila.

Sabaraha daerah di Jawa Barat, pangpangna di sakuloneun Bandung hujan mimiti turun, sanajan aya sawatara daerah anu masih halodo entrang-entrangan. Di Kota Bandung sorangan hujan masih keneh kalan-kalan kitu ge encan sakumaha gede. Daerah-daerah anu mimiti rada leubeut hujanna, antarana di wewenangkon Bogor jeung Cianjur, sedeng di bagian watan ti Bandung masih keneh encan rata. Bisa dibejakeun halodo anu kaalaman taun ieu sanajan cansakumaha lilana karasa leuwih parna batan halodo taun tukang. Di sabaraha daerah di Jawa Barat ngalaman hese cai anu luar biasa, balukarna saraatna sumur-sumur jeung ngoletakna solokan-solokan.

Wartos-wartos ieu disiinkeun ku Radio Republik Indonesia Bandung; Nusantara: Menti Penerangan Ali Murtopo diharepkeun bisa maparin amarat anu ditujukeun ka sakumna karyawan RRI di sakuliah Nusantara, patali jeung pangeling-ngeling hari radio anu ka-34 tanggal 11 September pageto. Pangeling-ngeling kasebut baris dilaksanakan di sakuliah stasion RRI di Indonesia kalawan acara-acara husus, disagigireun kagiatan-kagiatan sejen-na. Di antara kagiatan dina mifeling hari radio taun ieu, ku RRI stasion Jember diayakeun angket pikeun nalungtik kacintaan-kacintaan pamiarsa-pamiarsa RRI; sedengkeun RRI Tanjungpinang di Riau, baris ngaresmikeun kakuatan pamancarna ti 5 kilowot jadi 10 kilowot. Di RRI Malang Jawa Timur, pangeling-ngeling hari radio baris dipestakeun ku pamiarsa ku rupa-rupa kagiat-an anu aya patalina jeung pangwangunan.

Wakil Presiden Adam Malik, diharepkeun dina awal minggu ieu keneh baris sumping deui ka lemah cai, sabab ti tanggal 2 September nu anyar kaliwat aya di Havana Kuba, mingpin delegasi Indonesia kana KTT Non-Blok nu ka 6. Wakil Presiden Adam Malik, secundukna ka lemah cai baris langsung maparin laporan ka Presiden Suharto, ngeunaan hal-hal anu patali jeung jalanna KTT Non-Blok di Havana dianggap pohara rongkahna ti KTT Non-Blok samemehna.

Brigade Mobil atawa Brimob Kepolisian RI, kiwari nyadiakeun 29 kompi pasukan pikeun ngagarap huru-hara jeung teror anu sawaktu-waktu mungkin kejadian. Para komandan ti 29 kompi Brimob nu mangrupa pencegahan husus huru-hara teh kiwari keur dididik jeung dilantik di Kobangdiklat.

Manca nagara: Para diplomat Non-Blok nganalisa yen KTT Non-Blok anu kakara laksana di Havana sasat tinemu jeung kagagalan dina widang politik, sanajan maju dina nyawalakeun dina widang ekonomi. Meh tinemu kagagalan KTT Non-Blok di Havana, nu diayakeun ti tanggal 3 nepi ka tanggal 7 September sarta diongklangan sawatara jam ieu teh patali jeung sikep Kuba anu sasat maksakeun nagara-nagara Non-Blok geusan condong ka Uni Spviet. Tapi eta karep Kuba anu dikedalkeun ku Perdana Mentri Fidel Castro sacara ketua sidang sasat geus meunang tantangan anu pohara gedena. Ti sajumlah nagara kaasup Indonesia jeung Yugoslavia anu mikarep tetap nagara-nagara Non-Blok aya dina kamurnian. Bisa dibejakeun minangka sawatara hasil KTT Non-Blok, anu ngawengku masalah ekonomi, nyaeta kasaluyuan nagara-nagara anu ngahasilkeun minyak, anggauta gerakan Non-Blok anu netepkeun bakal leuwih ngutamakeun nyuplay minyak ka nagara-nagara anu keur sedeng mekar. batan ka nagara-nagara industri. Ieu teu kalawan alesan lamun dina kaayaan kritis nagara-nagara industri mah bakal mampu meuli minyak dina harga mahal.

Wartos pamungkas.

Sajumlah anggauta majelis rendah Jepang, nuduh Perdana Mentri Masayori Ohira, geus ngajalankeun tak-tik pikeun nangtukeun kalungguhana na ku jalan ngabubarkeun parlemen sarta rek ngayakeun pamilihan umum dina waktu anu samporet, saperti anu geus kabejakeun Perdana Mentri Ohira ngabubarkeun parlemen dina poe Jemaah sarta netepkeun baris ngayakeun pilihan umum dina bulan Oktober atawa Nopember 1979 nu bakal datang.

Sakali deui kasanggakeun wartos-wartos anu penting. Wakil Gubernur Ir. Suhud isukan baris ngaresmikeun gedong auditorium RRI Bandung. Menteri penerangan Ali Murtopo ngedalkeun amanatna, patali jeung pangeling-ngeling hari radio anu ka-34.

Wakil Presiden Adam Malik, diharap cunduk deui ka lemah cai awal minggu ieu keneh.

KTT Non-Blok dianggap gagal dina widang politik, tapi maju dina widang ekonomi.

3. Contoh Teks dari Surat Kabar *Sipatahun*

DI PANGADILAN MEMANG TEMPATNA

Dua perkara penyelewengan nya eta kasus Atjai alias Edi Widjaja jeung Letjen. Drs. Siswadji, M.A saparakanca nu keur digarap ku pangadilan dina raraga nanggungjawab kana sagala rupā nu geus dipilampah teu wudu jadi bahan warta masarakat rea. Gede daya tarikna memeng dua kasus nu dimaksud teh. Hal ieu lantaran lain ti kelas kejahatan anu bisa disebut kelas berenyit deui, nu kahiji nepi ka meakeun angka 22 milyar jeung hiji deui meh 5 milyar utamana rek dihaja atawa henteu geus mere gambaran goreng ka masarakat; yen kumaha wae oge aparat pamarentah dina alam pangwangunan kiwari teh masih keneh katembong perelu panyampurnaan-penyampurnaan. Pangpangna lebah "mental". Sajeroning urang neuleuman babasan, nu majar pamarentahna nu salah tapi jalma-jalmanna, naha teu leuwih hade mun sakalian sabab jeung akibatna?. Rek beunang gampang atawa memang ladang kaahlian husus, nu penting perelu ditakon naon sababna pangna usaha jahat maranehannana nepi ka bisa hasil. Atjai jeung sajumlah pausahaan kalawan ironis kaburu keneh nembongkeun kajugalaan. Ngan kucara ulin mata puluhan milyar duit nagara bisa katarima kumanehna, padahal keur masarakat leutik/umum mah kawijaksanaan mikeun kridit modal ti inohong-inohong bank ka masarakat biasa teu wudu kalah nimbulkeun sikep birokrasi nu kacida susahna pikeun didobrakna. Teu aneh mun jalma model Ki Madhapi nu mangtaun-taun wawarungan teu daek ngaronjat lantaran susah nambahan modalna. Sedeng manusa Atjai siga nu samemehna pisan ngagolontorkeun eusi brankas Bank. Pon kitu keneh kasus nu kajadian di Polri, instansi nu boga pancen utama memeres kajahatan antukna lir pager nu leuwih sarakah batan calon-calon karamanna. Sedeng mun geus tepi ka lebah dinya tangtu wae kalimah nu payus jang ubar hareng teh, tina pangalaman urang bakal nyaho naon nu kudu dipilampah pikahareupeun. Kilang kitu kasebut teu adil mun sagala musibat nu tumiba ka pamarentah sorangan. Kadariaan pamarentah pikeun numpes sapisan rupaning kajahatan jeung cakal-bakalna mimiti katembong bari karasa. Bukti nyata tereh atawa heubeul teu burung kabeh ge kabuka rasiyahna. Atuh ulon-ulonna teu talangke diseret ka pangadilan, sina tanggung jawab kana kalakuan nu geus dipilampahna. Nu perlu dibageakeun tur merenah dijieun modal harepan urang sarereā, katan-desan pimpinan Opstib. Malah sok sanajan "setan" moal bisa leupas tina tanggung jawab hukum. Pangadilan? Lebah dieu tempat nu payus keur ngarengsekeun sagala perkara. Ngan ku jalan ngaliwatan pangadilan kasus-

kasus kajahatan bisa direngsekeun. Maksudna, lian ti si subjek nu ngalakukeun kajahatanana baris narima imbalan ku mangrupa hukum oge Majelis Hakim katut parakancana bisa nyusud nepi ka akar nu pangleutikna. Cara tutuwuhan wae, mun akarna karabut bari saterusna bisa dimusnahkeun pamohalan eta tangkal bisa jadi deui Kumaha ampuhna pangadilan dina ngadungkal kasus kajahatan nu dipilampah ku Atjai jeung Siswadji saparakanca beuki dieu beuki juljol pribadi-pribadi nu milu ilubiung teu burung ting tarojol ngarananna. Pangdesek Majelis Hakim ka sakitan Atjai geus sanggup ngagelarkeun ngaran salasaurang pajabat teras DKI. Pon kitu deui tina hasil papariksaan ka diri Siswadji katut balad-baladna mimiti katarembong aya rambat kamalena ka instansi nu leuwih luhur. Mun geus kitu tujuan, pamarentah nu hayang bener-bener nanjeurkeun wibawa nagara katut aoratna, nyaeta nindak tandes jalma-jalma samodel Atjai jeung Siswadji, kahareup mah piraku ngan rek netep gelar lebah patekadan wungkul. Jeung deui, ku jalan narik kasus nepi ka jagrag di pangadilan secara langsung mere didikan ka masyarakat dina widang hukum. Mun jaganing geto masyarakat geus cindek pamadeganana pangadilan teh bener-bener hiji-hijina tempat keur nangtukeun bebeneran piraku ajen kasadaran hukum maranehanana rek hayoh wae disebut tacan dewasa ?

Loba sanghareoaneun pikeun Husen. Secara resmi Husen Wangsa Atmaja diistrenan jadi Wali Kota Bandung. Cara kabiasaan kana barang anyar, atawa kanu singsarwa anyar, mernah mun urang sarerea neundeun perhatian mandiri. Komo ieu sasat ka Wali Kota nu kumaha wae oge kasebat bapakna rakyat, urang Bandung. Lian ti neudeun perhatian teh, gelar mangrupa hareoan. Hal ieu malah nu ngagelarkeun babasan; yen pangkat teh sabenerna lain korsi tempat rineh tumaninah. Tapi rohangan tempat digawe nu merlukeun tanggung jawab beurat. Sabab keur hiji pamingpin nu hade sajeroning diuk dina korsi jabatan teh, dihareupeun rentul ratusan malah rebuan masalah nu kudu di garap. Sanajan enya kota teh masih tetep mangrupa sabagian tina jumlah masyarakat hiji kota sagemblengan, tapi lebah dieu manehna teh geus lain wungkul wujud individu nu cukup ku nguruskeun dirina pribadi.

Modal gene nu karasa tina diri Wali Kota nu ayeuna, nyaeta sikep kadariaan dina ngarengsekeun masalah. Conto nu meujeuhna dikahareukeun di antarana patekadan rek nyiptakeun Bandung nu beresih jeung nu tertib. Dalah bener konsep Bandung beresih Bandung tertib teh heula, hasil nyata nu maksimal memang sacara jujur can karasa ngan nilik kana kampanye nu ditakenkeun ka masarakat, masarakat Bandung hususna beunang dipake

cecekelan sok sanajan karek keur saheulaanan; karasa ti nu luhurna hayang enya-nya ngaktipkeun nepi ka masarakat panghandapna. Pangpangna kumaha carana sangkan disiplin aparat pamarentah jadi picontoeun para somah. Micondo lantaran sadar ku maneh geus tangtu pagawean saderhana batan ngalaksanakeun kakaduduan bari ukur nemonan parentah. Ngurus kota model Bandung, ilaharna ngurus kota-kota gede memang lain garapan nu enteng. Puseur dayeuh, tempat ngarumpulna jutaan jalma katut budaya jeung pari polahna pleus kahayangna nu sing sarwa rupa luyu jeung jumlah jalma katut seler bangsana. Ngurus kota gede teu bina lir boga sayang nyiruan. Mun kurang-kurang ngurusna tong miharep ngadatangkeun hasil madu, mun salah lebah ngaturna teu mustahil ngan bakal ngadatangkeun mamala keur nu miarana. Lebah dieu pisan kamampuhan hiji pingpinan teh diujina.

Jalan keur nyiptakeun Bandung bersih Bandung Tertib lian ti ngadidik masarakat hirup dina pager kadisiplinan oge mibutuh cara lianna. Di antarana palayanan masarakat nu nyaho kana tanggung jawab jeung disiplin. Siga teu pira memang kecap disiplin jeung palayanan teh. Ngan nyakitu tina dua kecap teh rea pisan rambut kamalena, pangpangna hubungan antara subyek jeung obyekna. Disiplin mibutuh sikep, pon kitu deui palayanan. Sikep nu "ngadidik" jeung nu dididikna. Pasualan klise, ngaberegna jumlah urbanisasi beuki sumpek kaayaan jero kota pang-pangna beuki karasa ngariutna lemah tempat hirup jeung kahirupanana, mangrupa garapan poko nu teu daek reres-reres. Hal ieu dumasar kana kamajuan jaman. Jaman nu maju geus tangtu mibutuh saranna nu leuwih-leuwih. Ku tinggaleun ngigelanana dalah ngan ukur sadetik pasualan nu disanghareupan teh baris tambah-tambah numpukna. Geus kitu mah kaparigelan nu ngaropeana deui. Kumaha pentingna pasualan tempat hirup jeung kahirupan warga kota, teu kurang ti gupernur waktu ngadalkeun pidatona dina raraga ngistrenan Husen nandeskeun; kahareup mah teu hayang deui kabejakeun ayana kasus tanah di rahayat. Memang keur kota gede model Bandung, masalah teh moal tamat ku samangsa. Ganti wanci mindah jaman kasus nu samodel mun kurang-kurang memeres baris terus nutur-nutur. Lantaran mungguh tanah teh apan sasat modal ngalemahna nu disebut sarakan tea.

4. Contoh Teks dari Majalah Mangle

Di Bali para Mentri Luar Negeri nagara-nagara Asean baradami. Bahan babadaman anu pangpentingna nya eta masalah anu ngarungsi ti Indocina. Sakumaha anu kabejakeun dina koran-koran, anu ngarungsi ti Indocina teh beuki dieu beuki merul bae. Ari lalumpatna ka nagara-nagara Asean

(Thailand, Filipina, Malaysia, Indonesia) jeung Hongkong. Hongkong anu pangoceakna mah. Keur mah eukeur lahanna oge sakitu heureutna. Ayeuna jol anu ngarungsi nu sakitu merulna, saha anu teu rek garosingsa.

Sanajan kitu, nagara-nagara Asean oge (anu nilik kana legana nagara masing-masing mah, jauh tangeh leuwih lega batan Hongkong), tapi ari dina lebah nyanghareupan nu ngungsi tea mah teu bisa ngabaeukeun kitu bae. Lain owel ku ngampihan manusa anu keur kadungsang-kadungsang, tapi da bongan masalahna anu tacan jelas, nepi ka anger bae jadi bahan teteguhan.

Nu ngarungsi ti Indocina teh memang lain samane. Anu campuh di Indonesia samemeh nya eta dua kakuatan dunya anu dina jaman kiwari keur meujuhna kumawasa, nya eta Amerika Serikat ngalawan Rusia. AS anu jicir teh ahirna mah. Nu matak, nya Indocina ge ragrag kana kakawasaan kominis. Tah ti harita, duka naon anu sabenerna keur kajadian di nagara-nagara Indocina nepi ka kiwari, tapi ujug-ujug burudul bae anu ngarungsi ti Indosina. Ngungsina teh lain "melarikan diri" deuih, sakumaha umumna China anu kalabur ti RRC ka Hongkong; ieu mah ngabubuhan make diangkut ku kapal nanaon. Ari eta kapal teh, lantaran ti tadina oge teu boga tujuan anu pasti, nya sakaparan-paran bae. Antukna, nya nyasab ka nagara-nagara nu dareukeut, nya eta nagara-nagara Asean, kaasup Indonesia.

Indonesia, mimitina mah kaasup nagara anu hayang mentingkeun "prikemanusiaan". Nepi ka sacara resmi, pamarentah nyadiakeun pulo husus pikeun nampung nu ngarungsi tea. Kalawan sarat, lain rek ditampung saendeng-endeng. Ieu mah saheulaanan bae, samemeh aya nagara sejen anu sanggup nande nu ngarungsi tea pikeun saterusna. Alhasil, Indonesia teh embung katepaan jurig pateuh wungkul.

Tapi, disampakkeun sikep nagara-nagara Asean anu sakitu "dareh-dehna", sigana anu ngarungsi ti Indocina teh asa dibere hate. Nu daratang teh beuki abreg-abregan. Sajeroning kitu teh, ari pamarentah Indocina mah, kayaning Vietnam jeung Kamboja, ih daramang bae. Bangun nu euweuh nanaon. Nepi ka ahirna mah cindek bae sangkaan teh, mana horeng anu ngarungsi teh ngahaja diusiran ku pamarentahna, kalawan samemehna di-mangpaatkeun sina malayar heula.

Tangtu bae, kalakuan saperti kitu teh teu meujuhna mun dibaseakeun ku sikep "darehdeh" bae.

Taun ieu, anu arasup ka jurusan Sunda boh di IKIP boh di UNPAD, rada onjoy leuwih ti taun-taun ka tukang. Naon motivasina? Sigana perlu diperhatikeun kalawan tenget.

Biasana, widang sastra daerah, boh Sunda di Jawa Barat boh jurusan Jawa di Jawa Tengah, teu weleh pakeklik ku mahasiswa. Tur anu jadi sababna pang nepi ka kitu, ku sarerea ge geus kajudi. Lantaran mun geus tamat teu kapapay kamana brasna di masarakat. Tampolana, aya tamatan jurusan Sunda anu los kana jadi pulisi. Memang bisa bae, ngan naha enya widang sastra Sunda di masarakat geus teu nyampak pitempateunana ?

Padahal, boh sastra Sunda boh sastra Jawa, sarua pada-pada ngarahuh. Nurutkeun beja dina koran anyar-anyar ieu, waktu diayakeun saresehan sastra Jawa, breh bae kanyahona kumaha kahirupan nu sabenerna. Tingkatan prihatinna teh geus ampir adek kana titik beku. Sababna anu utama, lantaran sastra Jawa henteu disampakeun media nu samistina. Koran, majalah, sumawona buku, taya hiji ge nu bisa diandelkeun. Padahal apan media citak teh mangrupa sarat penting pikeun kahirupan sastra di mana bae.

Engkoh deuih apan sastra Jawa jeung sastra Sunda teh kaasup sastra daerah anu masih keneh hirup nepi ka kiwari. Da ari didaerah sejen mah geus teu kacaturkeun deui. Dina unggal pasamoan anu nyabit-nyabit sastra daerah, anu dipake angkeuhan teh sastra Jawa jeung sastra Sunda. Ari sihporeng, geuning kahirupanana teh sakitu tigeratna.

Sastra daerah jigana lain di Sunda bae, di Jawa ge sarua, estu hirup kalawan henteu di rojong ku subsidi. Lamun sastra nasional (Indonesia), minimal di lebah sastra bacacun barudak sakolana di rojong ku Inpres, sastra daerah mah alhamdulillah ngan semet hirup ngandelkeun karepna bae. Nilik kana kaayaan kahirupan sastra Jawa anu matak honcewang, sigana mah di ditu ge sarua tacan aya perhatian ti pamarentah daerah anu samistina. Padahal, da anu pangmeujeuhna ngarojong kahirupan sastra daerah mah taya deui iwal ti pamarentah daerah. Lamun pamarentah pusat anyar-anyar ieu (anu diwakilan ku Departemen Penerangan) geus ngayakeun kontrak pikeun milu nyebarkeun koran-koran "Angkatan Bersenjata" jeung "Berita Yuda" kalawan majeng unggal bulan, asa kacida pantesna mun terus diturutan ku pamarentah daerah pikeun milu ngabayuan dina enggoning nyebarkeun media basa daerah ka pasisian. Itung-itung mokalan ngalaksanakeun proyek koran masuk desa anu geus lila di gembor-gembor bari jeung anger teu dilaksanakeun bae.

5. Contoh Teks Obrolan Siaran Padesaan RRI Bandung.

Wilujeng lo, wilujeng patepang deui dina acara husus pikeun *Wanita Tani Sekar Arum*. Lo, sok sanaos ampir saminggu ti lebaran, tapi haneutna atanapi aweuhanana mah aya keneh nya. Kukituna atuh leuir-leuir oge Embi

Biasana, widang sastra daerah, boh Sunda di Jawa Barat boh jurusan Jawa di Jawa Tengah, teu weleh paceklik ku mahasiswa. Tur anu jadi sababna pang nepi ka kitu, ku sarerea ge geus kajudi. Lantaran mun geus tamat teu kapapay kamana brasna di masarakat. Tampolana, aya tamatan jurusan Sunda anu los kana jadi pulisi. Memang bisa bae, ngan naha enya widang sastra Sunda di masarakat geus teu nyampak pitempateunana ?

Padahal, boh sastra Sunda boh sastra Jawa, sarua pada-pada ngarahuh. Nurutkeun beja dina koran anyar-anyar ieu, waktu diayakeun saresehan sastra Jawa, breh bae kanyahona kumaha kahirupan nu sabenerna. Tingkatan prihatinna teh geus ampir adek kana titik beku. Sababna anu utama, lantaran sastra Jawa henteu disampakeun media nu samistina. Koran, majalah, sumawona buku, taya hiji ge nu bisa diandelkeun. Padahal apan media citak teh mangrupa sarat penting pikeun kahirupan sastra di mana bae.

Ongkoh deuih apan sastra Jawa jeung sastra Sunda teh kaasup sastra daerah anu masih keneh hirup nepi ka kiwari. Da ari didaerah sejen mah geus teu kacaturkeun deui. Dina unggal pasamoan anu nyabit-nyabit sastra daerah, anu dipake angkeuhan teh sastra Jawa jeung sastra Sunda. Ari sihareng, geuning kahirupanana teh sakitu tigeratna.

Sastra daerah jigana lain di Sunda bae, di Jawa ge sarua, estu hirup kalawan henteu di rojong ku subsidi. Lamun sastra nasional (Indonesia), minimal di lebah sastra bacacun barudak sakolana di rojong ku Inpres, sastra daerah mah alhamdulillah ngan semet hirup ngandelkeun karepna bae. Nilik kana kaayaan kahirupan sastra Jawa anu matak honcewang, sigana mah di ditu ge sarua tacan aya perhatian ti pamarentah daerah anu samistina. Padahal, da anu pangmeujeuhna ngarojong kahirupan sastra daerah mah taya deui iwal ti pamarentah daerah. Lamun pamarentah pusat anyar-anyar ieu (anu diwakilan ku Departemen Penerangan) geus ngayakeun kontrak pikeun milu nyebarkeun koran-koran "Angkatan Bersenjata" jeung "Berita Yuda" kalawan majeng unggal bulan, asa kacida pantesna mun terus diturutan ku pamarentah daerah pikeun milu ngabayuan dina enggoning nyebarkeun media basa daerah ka pasisian. Itung-itung mokalan ngalaksanakeun proyek koran masuk desa anu geus lila di gembor-gembor bari jeung anger teu dilaksanakeun bae.

5. Contoh Teks Obrolan Siaran Padesaan RRI Bandung.

Wilujeng lo, wilujeng patepang deui dina acara husus pikeun *Wanita Tani Sekar Arum*. Lo, sok sanaos ampir saminggu ti lebaran, tapi haneutna atanapi aweuhanana mah aya keneh nya Kukituna atuh leuir-leuir oge Embi

ngahaturkeun boboran Siam hapunten lahir sareng batin. Ma'lum lo, sanaos urang tepang teh ngan sonten wungkul, ari haceletot mah pasti bae ayana nya ! komo lo, Embi mah sok resep sempal guyon pasti bae seueur kalepatan.

Tah lo, ari ranggeuyan acara dina wengi ieu dimunggaran ku laporan kagiatan ditema ku ngobrolkeun masalah bau awak, anu dipungkas ku dapur Sekar Arum. Lo! hayu urang ngawitan ku laporan kagiatan.

Munggaran laporan ti kelompok Wanita Tani Sekar Arum, sarta ti Medai Laksana, nya eta kagiatan nu tos dilaksanakeunana diantawisna, unggal anggota aktip ngadangukeun siaran padesaan RRI Bandung, di bumina masing-masing. Tiap dinten Minggu ngayakeun rjungan bari ngumpulkeun artos per anggota Rp 25,00 dugi ka ayeuna teh parantos aya Rp 2.400,00 beas perelek parantos aya 260 l. Teras diical, artosna dihaleuhkeun kana parabot dapur kayaning 7 losin piring 4 losin gelas, sareng 4 losen sendok.

Anu pamungkas laporan ti Sekar Arum Kania Dwimandala karya nomer S 165 C. Kampung Simpang Desa Cibodas Kec. Pacet Cianjur. Kagiati-an anu parantos dilaksanakeun ngempelkeun beas perelek. Unggal anggota teh saban bade masak atanapi ngisikan, ngeurihkeun sasendok makan tina saleter isikaneun. Lian ti eta ngayakeun kagiatan tanaman halaman rumah, antawisna dipelakan sayuran sareng bumbu dapur oge apotek hidup, melak obat-obatan tradisional kayaning daun sembung jawer kotok, kumis ucing, temu lawak sareng sajabina. Kadang-kadang upami urang bade mimiosan waktos lebaran nu kamari mah tangtosna nu diemutan teh ngan anggoan bae, mik-up, sapatu, sareng sajabina. Tah tapi tara kasabit masalah bau salira atanapi bau awak. Padahal mah lo, ieu teh penting pisan boh di istri boh di pameget, komo di istri mah nya lo.

Ayeuna kumaha akalna sangkan bau awak teh ulah nerap ka diri urang. Kieu cenah Lo. Upami ibak istimewa keun bagian-bagian awak anu loba buluna. Tah kudu dibersihan pisan eta mah nu loba buluna teh Lo. Tah hiji-hijina cara kanggo ngajaga kasegeran salira nya eta ku cara sering ngebak atanapi ku cara nyeka salira ku elap baseuh.

Sae, jadina ulah sok nganggo diodoran saupami ingkab atanapi kelek urang teu acan diwasuh. Jadi, kedah diwasuh heula nembe diodoran.

Salajengna kedah ngajagi kabersihan rambut. Upami tiasa mah Lo, bulu ingkab teh atanapi bulu kelek dicukur sing teratur. Jadi ulah sina ngajembrung Lo. Tah, lian ti eta ulah seueur teuing nuang tuangeun anu ngandung zat perangsang kayaning bawang beureum, bawang bodas.

Tah bau baham dina bahan tuangeun anu nembe teh sesah teu aya

dina baham urang. Sedengkeun naon bae anu didahar ku urang bakal mangaruhan kana karinget urang. Tapi pikeun ngicalkeun bauna urang tiasa ngagaleuh anti bau salira, atawa diodoran tea.

teh = 8
 mas = 8
 lea = 1
 leu = 2
 eta = 4

da =

ka =

ti =

dana =

kang =

ti na =

ti u =

tek =

can =

bae =

mau =

puar =

sigona =

mung teu calat =


itu =


baca =

ku sabab =

tapi =

najankel =





07-6106

URUTAN		
91	-	0524